



Pou Piblikasyon Imedya: 02/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OMAJ ETA NEW YORK AN 2024 POU ERITAJ
DOKTÈ MARTIN LUTHER KING, JR. KI PRAL DIFIZE NAN ESTASYON PBS NEW
YORK YO**

***Nou envite piblik la patisipe nan yon pwojeksyon espesyal gratis pwogram lan
nan lendi 8 janvye, nan Sant Konvansyon Empire State Plaza***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke komemorasyon anyèl Eta New York la sou lavi ak eritaj Doktè Martin Luther King Jr. pral prezante kòm yon evènman k ap difize nan tout eta a, "Eta New York ap Selebre Doktè Martin Luther King, Jr.," k ap difize nan estasyon PBS yo nan New York apati wikenn MLK a epi difize sou empirestateplaza.ny.gov/nyking.

"Lavi ak eritaj Doktè Martin Luther King, Jr. rele nou pou sèvis ak jistis sosyal chak jou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Omaj sa a bay Doktè King se yon rapèl eritaj sa a, ak yon opòtinite pou nou angaje Eta nou an ankò nan objektif kolektif aktivis li yo."

Omaj inèdtan pou Doktè King lan prezante moun ak òganizasyon yo nan tout Eta New York ki entegre prensip youn nan lidè ki pi enpòtan nan Etazini pou jistis sosyal, libète ak egalite. Orè pwogram lan varye selon rejyon an epi nou ankouraje telespektatè yo pou yo verifye pwogram televizyon lokal yo.

Nou envite piblik la tou pou yo patisipe nan yon pwojeksyon espesyal "Eta New York ap Selebre Doktè Martin Luther King, Jr" nan lendi 8 janvye nan Sant Konvansyon Empire State Plaza. Evènman sa a, ke prezantatris Spectrum News Morning News, Tamani Wooley, òganize, gratis epi ouvè pou piblik la, avèk pòt yo louvri a 6 p.m. ak pwojeksyon pwogram lan k ap kòmanse san pèdi tan a 7 p.m. N ap sèvi yon rafrechisman gratis lejè jiskaske rezèv la fini. Pakin nan Lokal Vizitè a (V-Lot) ap gratis apre 4 p.m.

Komisè Biwo Sèvis Jeneral NYS la, Jeanette Moy, te deklare, "Obsèvasyon Komemorasyon Doktè Martin Luther King, Jr. 2024 la se yon opòtinite pou onore lavi li ak eritaj li, ak enpak transfòmasyon li te genyen sou kominote atravè Eta New York yo. Nan omaj ane sa a, nou fyè pou nou mete aksan sou moun ak òganizasyon yo, soti nan Brooklyn rive nan Buffalo, ki pi byen montre ansèyman Doktè King atravè pwogram ak aksyon charitab yo. Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Hochul nan envite Nouyòkè yo

patisipe nan selebrasyon sa a lè yo gade pwogram sa a, epi mwen espere ke l ap enspire nou tout pou nou kontinye fè efò pou nou vin yon sosyete ki pi jis ak ekitab avèk chak aksyon nou chak jou."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral WMHT, Anthony V. Hayes, te deklare, "Se yon privilèj pou nou rejwenn kominote yo atravè Eta New York atravè televizyon piblik pou komemore lavi ak eritaj Doktè Martin Luther King Jr. Pwogram sa a ede nou reflechi sou 'ak inivè moral' la pandan n ap rann omaj a Doktè King ak mesaj dirab li sou non-vyolans, espwa, egalite ak jistis."

Atravè je Nouyòkè yo soti nan Binghamton rive Brooklyn, Albany rive Ithaca, pwogram nan konsantre sou lavi ak rèv Doktè Martin Luther King, Jr. avèk mizik, atizay, ak istwa enspirasyon Nouyòkè yo ki enkòpore prensip ki te fòme eritaj li. Kèk nan pi gwo pwen espektak la gen ladan:

- Yon mesaj espesyal Gouvènè Eta New York Kathy Hochul pou Jounen Martin Luther King, Jr.
- Yon repòtaj sou The Gathering for Justice, òganizasyon jistis sosyal Harry Belafonte te fonde
- Kòmantè Chanselye SUNY, Doktè John B. King, Jr., ak elèv ki soti Brooklyn ak Schenectady
- Yon pwofil sou travay fotograf ak lidè dwa sivil Corky Lee
- Yon pèfòmans Dorothy Cotton Jubilee Singers, yon gwoup Ithaca ki dedye pou prezève espiyèl Afwo-Ameriken yo ak eritaj Dorothy Cotton, yon ewo mouvman dwa sivil yo pa konnen
- Yon rega sou LevelUP, yon inisyativ avansman mendèv ke Bibliyotèk Piblik Brooklyn nan te lanse ki te fèt pou ede fanm nwa yo avanse nan nivo pwofesyonèl epi konstwi richès
- Espektak gwoup yo atravè eta a ki enspire moun, ki gen ladan etidyan pwogram boza SUNY Binghamton ak ansanm Doktè Martin Luther King Jr. 2024 la

Tout moun envite pou branche pou aprann plis sou Nouyòkè k ap viv lavi yo selon imaj Doktè King. Anplis opsyon pou gade l nan estasyon PBS nan tout eta a, nou ka gade "Eta New York selebre Doktè Martin Luther King, Jr." sou empirestateplaza.ny.gov/nyking, apati 10 a.m. nan 16 janvyè.

Nan kad selebrasyon Doktè Martin Luther King Jr. Eta New York la, nou ankouraje piblik la pou yo gade ekspozisyon Etidyan Boza ak Disètasyon sou Doktè Martin Luther King Jr. Eta New York la tou, ki prezante soumasyon elèv Kindègadenn rive 12yèm yo atravè eta a epi ki enspire nan Sis Prensip Non-vyolans Doktè King lan. Yon galri vityèl travay elèv yo pral disponib nan empirestateplaza.ny.gov/nyking apati 15 janvyè rive 29 fevriye.

Epitou, Eta New York òganize plizyè pwogram ki gen rapò ak sèvis chak ane pou akonpli vizyon Doktè King sou kominote a. Sa yo gen ladan [Kanpay Manje Doktè Martin](#)

[Luther King, Jr. nan tout Eta a](#), ki te fèt 4 desanm 2023 epi k ap fini 9 fevriye 2024 ak Kanpay Liv Doktè Martin Luther King Jr. nan tout Eta a ki te fèt 20 fevriye rive 19 avril 2024 ak 24yèm Fwa Karyè Doktè King chak ane k ap fèt jedi 4 avril 2024.

Pou mizajou sou pwogram estasyon manm PBS NY ak enfòmasyon siplemantè, ale sou empirestateplaza.ny.gov/nyking, epi swiv @NYS_OGS sou Facebook ak X, ki se ansyen Twitter.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)